# IV. ИНВЕСТИЦИЯЛАР ҲӘМ ҚУРЫЛЫС

2020 жыл январь-мартында республиканың тийкарғы капиталын көбейттириўге 1284,9 млрд. сўм көлеминде инвестициялар киритилип, өткен жылға салыстырғанда өсим пәти 71,0 процентти қурады, соннан сырт ел инвестициялары 305,3 млрд. сўмды қурады.

**Қаржыландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың қурамы**

| | *млрд.сўм* | *өсим пәти, %* | *жәмиге салыстырғанда,% те* |
|---|---|---|---|
| **Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар** | **1284,9** | **71,0** | **100,0** |
| *соннан:* | | | |
| **Орайласқан инвестициялар:** | **309,3** | **39,4** | **24,1** |
| бюджет қаржылары | 100,9 | 42,2 | 7,9 |
| суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў фонды | 15,0 | 9,6 е. | 1,2 |
| тиклениў ҳәм раўажланыў фонды қаржылары | 16,5 | 14,4 | 1,3 |
| ҳүкимет кепиллиги тийкарындағы шет ел кредитлери | 176,9 | 41,1 | 13,7 |
| **Орайласпаған инвестициялар:** | **975,6** | **95,0** | **75,9** |
| кәрханалардың өз қаржылары | 429,4 | 142,3 | 33,4 |
| халықтың қаржылары | 159,5 | 71,7 | 12,4 |
| туўрыдан-туўры сырт ел инвестиция ҳәм кредитлери | 128,3 | 84,4 | 10,0 |
| коммерциялық банк кредитлери ҳәм басқа қарыз дереклери | 258,4 | 75,0 | 20,1 |

**2020 жыл январь-мартында тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың технологиялық қурамы**

| | *жәми* | *мәмлекетлик* | *мәмлекетлик емес* |
|---|---|---|---|

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Жәми,** ***млрд. сўм*** | **1284,9** | **255,9** | **1029,0** |
| соннан: | | | |
| қурылыс-монтаж жумыслары | 601,4 | 234,9 | 366,5 |
| машина, үскенелер, транспорт қураллары ислеп шығарыў ҳәм хожалық буйымлары | 623,0 | 14,6 | 608,4 |
| басқа қарежетлер | 60,5 | 6,4 | 54,1 |

Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың технологиялық қурамының дүзилиси 2019 жылдың январь-март айларына салыстырғанда қурылыс-монтаж жумысларының үлеси 74,2 процентли пунктке кемейген, машина, үскенелер, транспорт қураллары ислеп шығарыў ҳәм хожалық буйымлары баҳасының үлеси 68,4 процентли пунктке асқан ҳәм басқа қәрежетлердиң үлеси 64,1 процентли пунктке кемейгенлигин көрсетпекте.

2020 жылдың январь-март айларында орайластырылған қаржыландырыў дереклерине 309,3 млрд. сўм инвестиция қаржылары киритилип, бул көрсеткиш жәми инвестициялардың 24,1 % қурады, бул өткен жылдың январь-мартына айларына салыстырғанда дерлик 27,4 % ке кемейген. Есабат дәўиринде орайластырылмаған қаржы дереклери есабынан 975,6 млрд. сўм инвестициялар өзлестирилди (жәмине салыстырғанда үлеси 75,9 %) ҳәм өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 95,0 % ке көбейди.

Кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң өз қаржылары есабынан 429,4 млрд. сўм тийкарғы капиталға инвестициялар киритилди ямаса жәми инвестициялардың 33,4% өзлестирилди. Халықтың қаржылары есабынан 159,5 млрд. сўм инвестициялар өзлестирилип, жәми инвестициялар көлеминиң 12,4 % қурады.

Есабат дәўиринде Өзбекстан Республикасы Ҳүкимети кепиллиги менен 176,9 млрд. сўмлық шет ел кредитлери ажыратылды, бул 2019 жылдың тийисли дәўирине салыстырғанда 41,1 % ке кемейген ҳәм жәми инвестициялардың 13,7 % қурайды.

Соның менен бирге, банк кредитлери ҳәм басқа қарыз қаржылары есабынан 258,1 млрд. сўм қаржылар киритилди (тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың улыўма көлеминиң 20,1 %), бул өткен жылға салыстырғанда 75,0 процентли пунктке кемейди, туўрыдан-туўры ҳәм басқа шет ел инвестициялары ҳәм кредитлер есабынан 128,3 млрд. сўм (улыўма көлемниң 10,0 %) өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 84,4 процентли пунктке азайған, тиклениў ҳәм раўажландырыў фонды есабынан 16,5 млрд. сўм (1,3%), суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў қоры есабынан 15,0 млрд. сўм 1,2 % муғдарында инвестициялар киритилиб ҳәм өткен жылдың сәйкес дәўирине салыстырғанда 9,6 есеге асқан.

## Экономикалық хызмет түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестиция ҳәм кредитлер

Есабат дәўиринде тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың тийкарғы бөлеги, яғный қайта ислеў санааты 382,0 млрд. сўм, аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығына 226,8 млрд сўм, таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеўге 95,9 млрд. сўм, электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў хызмет түрине 107,4 млрд. сўм, 110,5 млрд сўм үй-жай қурылысына туўры келди.

2020 жыл январь-март айларында тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың 8,4 % (өткен жылдың усы дәўирине 32,8 %) электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў хызмет түрине, 7,5 % таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеў хызмет түрине (өткен жылдың усы дәўирине 10,1 %), 8,6 % үй-жай қурылысына (өткен жылдың усы дәўирине 16,6 %), 4,2 % тасыў ҳәм саклаў (өткен жылдың усы дәўирине 3,2%), 17,7 % аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығына, (өткен жылдың усы дәўирине 16,8 %), 29,7 % (өткен жылдың усы дәўирине 6,3 %) қайта ислеў санаатына ҳәмде 5,7 % қурылыс экономикалық хызмет түрине (өткен жылдың усы дәўирине 2,6 %) туўры келди.

## Экономикалық хызмет түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестиция ҳәм кредитлер

*(улыўма көлемге салыстырғанда % есабында)*




**2020 жылдың январь-март айларында тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың қаржыландырыў дереклери бойынша қурамы**


Орайластырылған қаржыландырыў дереклери есабына
Республика бюджети - 100,9 млрд. сўм
Суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў қоры- 15,0 млрд. сўм
Тиклениў хәм раўажланыў фонды – 16,5 млрд. сўм
Өзбекстан Республикасы кепиллиги тийкарындағы шет ел кредитлери – 176,9 млрд. сўм
Орайластырылмаған қаржыландырыў дереклери есабына
Кәрханалар, соннан жергиликли бюджет қаржылары – 429,4 млрд. сўм
Коммерциялық банклер кредитлери хәм басқа да қарыз қаржылары – 258,4 млрд. сўм
Туўрыдан-туўры шет ел инвестициялары хәм кредитлери – 128,3 млрд. сўм
Халықтың қаржы дереклери – 159,5 млрд. сўм

## Қаржыландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар,
*жәмине салыстырғанда % есабында*



**2020 жылдың январь-март айларында қаржыландырыў дереклер бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар**

| | *Киритилген инвестициялар, млрд. сўм* | *Өткен жылға салыстырғанда өсим пәти, %* | *Улыўма көлемдеги үлеси, %* |
|---|---|---|---|
| **Барлық қаржыландырыў дереклери есабынан** | **1284,9** | **71,0** | **100,0** |
| Республика бюджети | 100,9 | 42,2 | 7,9 |
| Суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў фонды | 15,0 | 9,6 е | 1,2 |
| Тиклениў ҳәм раўажландырыў фонды | 16,5 | 14,4 | 1,3 |
| Өзбекстан Республикасы тәрепинен кепилленген шет ел кредитлери | 176,9 | 41,1 | 13,7 |
| Кәрханалар қаржылары | 429,4 | 142,3 | 33,4 |
| Коммерциялық банклери кредитлери ҳәм басқа қарыз қаржылары | 258,4 | 75,0 | 20,1 |
| Туўрыдан-туўры шет ел инвестиция ҳәм кредитлери | 128,3 | 84,4 | 10,0 |
| Халықтың қаржылары | 159,5 | 74,3 | 12,4 |

Қаржыландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың ең жоқары өсим пәтлери жергиликли бюджет ҳәм кәрханалардың өз қаржыларының есабына туўры келген, 429,4 млрд. сўм өткен жылға салыстырғанда өсим пәти 142,3 процентти қурады.

**Январь-март айларындатийкарғы капиталға киритилген инвестициялар,**

*млрд. сўм*

| | *2019 ж.* | *2020 ж.* | *2019 жылға салыстырғанда % есабында* | *жәми инвестициялардан туўрыдан-туўры шет ел инвестициялары көлеми, мың АҚШ долл.* |
|---|---|---|---|---|
| **Қарақалпакстан Республикасы** | **1505,8** | **1284,9** | **71,0** | **5740,5** |
| Нөкис қ. | 303,5 | 241,6 | 65,4 | 612,8 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 47,7 | 59,8 | 104,4 | 200,0 |
| Беруний | 85,7 | 104,6 | 101,7 | - |
| Бозатаў | 0,7 | 1,0 | 125,5 | - |
| Қанлыкөл | 16,5 | 24,0 | 123,8 | 127,0 |
| Қараөзек | 77,7 | 101,7 | 108,0 | - |
| Кегейли | 26,6 | 58,0 | 181,0 | 237,5 |
| Қоңырат | 87,2 | 104,9 | 100,1 | 3143,0 |
| Мойнақ | 49,3 | 33,5 | 57,0 | 300,0 |
| Нөкис | 39,2 | 45,5 | 99,6 | 438,0 |
| Тақыятас | 457,4 | 119,6 | 21,6 | 84,0 |
| Тахтакөпир | 13,5 | 27,8 | 170,7 | - |
| Төрткүл | 115,0 | 89,9 | 66,1 | 20,0 |
| Хожели | 35,5 | 43,0 | 101,6 | - |
| Шымбай | 27,0 | 41,8 | 128,7 | 578,2 |
| Шоманай | 13,6 | 16,2 | 99,1 | - |
| Елликқала | 107,7 | 172,0 | 132,5 | - |

**2020 жыл январь-март айларында қаржыландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар,** *млрд. сўм*

| | *Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар жәми, млрд. сўм* | *соннан қаржыландырыў дереклери бойынша:* | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | *республика бюджети* | *кәрханалар қаржылары* | *халықтың қаржылары* | *шет ел инвестициялар ҳәм кредитлер* | *Ҳүкимет кепилиги астындағы сырт-ел кредитлери* |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **1284,9** | **100,9** | **429,4** | **159,5** | **305,3** | **-** |
| Нөкис қ. | 241,6 | 54,4 | 62,5 | 13,3 | 36,4 | - |
| *районлар:* | | | | | | |
| Әмиўдәрья | 59,8 | 0,2 | 34,3 | 7,3 | 12,9 | - |
| Беруний | 104,6 | 1,9 | 14,7 | 14,2 | - | - |
| Бозатаў | 1,0 | - | - | 0,1 | 1,0 | - |
| Қанлыкөл | 24,0 | 6,2 | 2,4 | 9,0 | 1,2 | - |
| Қараөзек | 101,7 | 0,4 | 67,2 | 2,3 | 5,6 | - |
| Кегейли | 58,0 | 4,9 | 39,9 | 6,2 | 2,3 | - |
| Қоңырат | 104,9 | 0,6 | 53,9 | 12,2 | 29,9 | - |
| Мойнақ | 33,5 | 5,4 | 4,1 | 6,2 | 4,8 | - |
| Нөкис | 45,5 | 3,8 | 8,6 | 21,9 | 4,2 | - |
| Тақыятас | 119,6 | 3,7 | 18,5 | 5,2 | 72,8 | - |
| Тахтакөпир | 27,8 | 1,8 | 19,8 | 3,4 | - | - |
| Төрткүл | 89,9 | 2,9 | 35,8 | 25,2 | 0,2 | - |
| Хожели | 43,0 | 1,2 | 25,2 | 10,0 | 52,9 | - |
| Шымбай | 41,8 | 7,4 | 22,5 | 4,3 | 87,4 | - |
| Шоманай | 16,2 | 1,1 | 2,1 | 4,5 | 9,9 | - |
| Елликқала | 172,0 | 5,0 | 17,9 | 14,2 | 179,7 | - |

| | *Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар жәми, млрд. сўм* | *соннан қаржыландырыў дереклери бойынша:* | | |
|---|---|---|---|---|
| | | *Суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў фонды* | *Тиклениў ҳәм раўажландырыў фонды* | *коммерциялық банклери кредитлери ҳәм басқа қарыз қаржылары* |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **1284,9** | **15,0** | **16,5** | **258,4** |
| Нөкис қ. | 241,6 | 0,9 | - | 73,7 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 59,8 | - | - | 5,1 |
| Беруний | 104,6 | 0,7 | - | 73,1 |
| Бозатаў | 1,0 | - | - | - |
| Қанлыкөл | 24,0 | 1,4 | - | 3,8 |
| Қараөзек | 101,7 | 0,2 | - | 25,9 |
| Кегейли | 58,0 | 0,4 | - | 4,4 |
| Қоңырат | 104,9 | - | - | 8,3 |
| Мойнақ | 33,5 | 3,7 | - | 9,4 |
| Нөкис | 45,5 | - | - | 7,0 |
| Тақыятас | 119,6 | 1,0 | 16,5 | 1,9 |
| Тахтакөпир | 27,8 | 0,7 | - | 2,1 |
| Төрткүл | 89,9 | 0,7 | - | 25,2 |
| Хожели | 43,0 | 1,1 | - | 3,5 |
| Шымбай | 41,8 | 1,2 | - | 0,9 |
| Шоманай | 16,2 | 1,3 | - | 7,2 |
| Елликқала | 172,0 | 1,7 | - | 6,6 |

**Январь-март айларында мүликшилик түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар,** *жәмине салыстырғанда % есабында*




Мәмлекетлик емес мүликшилик формасындағы кәрханалар тәрепинен 1029,0 млрд. сўмлық тийкарғы капиталга инвестициялар киритилген болып, жәми инвестициялардың 80,1 процентин қурады.

**Социаллық тараў объектлерин қурыў**

2020 жыл январь-мартында улыўма майданы 144,3 мың кв.м. болған 846 үй жай салынған (2019 жылдың январь-мартына салыстырғанда 66,7 %), соннан аўыллық жерлерде 86,1 мың кв.м., 482 турақ-жай пайдаланыўға тапсырылды. Ислеп шығарыў болмаған тараўына киритилген инвестициялар көлеминен 110,5 млрд. сўмы ямаса 29,2 % ти турақ-жай қурылысында өзлестирилди.

Улыўма билим бериў мектеплери ҳәм мектепке шекемги билимлендириў мекемелери қурылысында 2,6 млрд. сўм әтирапында инвестициялар өзлестирилди, бул ислеп шығарыў болмаған тараўына жөнелтирилген инвестициялардың 0,7 % қурады.

**Қурылыс жумыслары.** 2020 жыл январь-мартында 664,8 млрд. сўм муғдарында қурылыс жумыслары орынланып, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда өсим пәти 100,4 % қурады.

Қурылыс жумыслары улыўма көлеминиң 69,5 % имаратларды қурыў бойынша қурылыс жумыслары, 12,0 % пуқаралық қурылысы объектлерин қурыў бойынша қурылыс жумыслары ҳәм 18,5 % қәнийгелестирилген қурылыс жумысларына туўры келди. Соннан улыўма көлемнен 71,9 % жаңа қурылыс, реконструкция ҳәм кеңейтириў ҳәмде техникалық тәрептен қайта инвентарлаўға туўры келеди.

**Мүликшилик түрлери бойынша қурылыс кәрханаларының өз күшлери менен орынлаған қурылыс жумысларының бөлиниўи**
*(улыўма көлемге салыстырғанда % есабында)*




**Кәрханалар түрлери бойынша қурылыс жумыслары көлеми,** *млрд.сўм*




Жәми қурылыс-пудрат жумыслары қурамындағы "Имаратлар қурылысы" хызмет түри бойынша 461,8 млрд. сўмлық жумыслар орынланды ҳәм өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 8,0 процентли пунктке өсти. Сондай-ақ, "Пуқаралық объектлери қурылысы" хызмет түри бойынша 79,7 млрд. сўмлық қурылыс ислери орынланып, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 10,8 процентли пунктке кемейген. "Қәнийгелестирилген қурылыс ислери" хызмет түри бойынша 123,3 млрд. сўмлық қурылыс жумыслары орынланып, өткен жылға салыстырылған 15,2 процентли пунктке кемейди.

**Экономикалық хызмет түрлери бойынша қурылыс жумыслары көлеми,** *жәмине салыстырғанжа % есабында*




Жәми қурылыс жумыслары көлеминде жаңа қурылыс, реконструкция қылыў, кеңейттириў ҳәм техник тәрепинен қайта қуралландырыў жумыслары көлеми 478,0 млрд. сўмды қурады. Капитал, қайта оңлаў ҳәм басқа пудрат жумыслары көлеми 186,8 млрд. сўмды қурады.

2019 жыл январь-март айларына салыстырғанда жаңа қурылыс, реконструкция, кеңейттириў ҳәм техник қайта қуралландырыў жумыслары 5,0 процентли пунктке өсти. Капитал, ағымдағы ҳәм басқа қурылыс жумыслары көлеми болса 9,7 процентли пунктке кемейди.

## Қурылыс жумыслары, түрлери бойынша,
*(жәмине салыстырғанда % есабында )*




## Январь-март айларында қала ҳәм районлар бойынша қурылыс жумыслары көлеми, *млрд. сўм*

| | *2019 жыл* | *2020 жыл* | *2019-жылға салыстырғанда, % есабында* |
|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **568,3** | **664,8** | **100,4** |
| Нөкис қ. | 209,8 | 247,8 | 100,5 |
| *районлар:* | | | |
| Әмиўдәрья | 30,8 | 36,3 | 100,8 |
| Беруний | 37,3 | 43,2 | 100,2 |
| Бозатаў | 1,8 | 2,1 | 101,9 |
| Қанлыкөл | 9,2 | 10,7 | 101,7 |
| Қараөзек | 10,5 | 12,5 | 101,3 |
| Кегейли | 9,6 | 11,4 | 103,3 |
| Қоңырат | 62,3 | 73,3 | 100,7 |
| Мойнақ | 12,7 | 12,1 | 83,1 |
| Нөкис | 31,5 | 36,2 | 101,0 |
| Тақыятас | 24,3 | 28,4 | 100,2 |
| Тахтакөпир | 16,7 | 19,8 | 101,1 |
| Төрткүл | 37,5 | 43,7 | 102,2 |
| Хожели | 30,6 | 35,7 | 100,4 |
| Шымбай | 9,5 | 11,1 | 100,0 |
| Шоманай | 8,6 | 10,2 | 101,2 |
| Елликқала | 25,7 | 30,3 | 102,4 |

2020 жылдың январь-март айларында республика бойынша қурылыс жумыслары көлеминде Нөкис қаласы (республика бойынша жәми қурылыс жумыслары көлеминдеги үлеси 37,2 %), Қоңырат (11,0 %) ҳәм Төрткул (6,6%) районлары жоқары үлеслерге ийе.

Сондай-ақ, республика көлеминде қурылыс жумыслары көлеминде ең пәс үлеслери Бозатаў (республика бойынша жәми қурылыс жумыслары көлеминдеги үлеси 0,3 %), Шоманай (1,5 %), Канлыкөл (1,6 %) районларына туўры келеди.

**2020 жыл январь-март айларында қурылыс жумыслары көлеми ҳәм өсим пәтлери**




Есабат дәўиринде орынланған қурылыс жумысларының жоқары өсим пәти Кегейли (өткен жылға салыстырғанда өсим пәти 103,3%), Елликқала (102,4 %) ҳәм Төрткул 102,2 % ҳәм Бозатаў (101,9 %) районларында гүзетилди.

**2019 жылдың январь-март айларында кәрханалар түрлери бойынша қурылыс жумыслары көлеми,**

*жәмине салыстырғанда % есабында*




Ири кәрханалар тәрепинен орынланған қурылыс жумысларының жоқары көрсеткишлери Қоңырат (жәми қурылыс жумыслары көлеминдеги үлеси 42,6 %), Тақыятас (15,3 %) районларына туўры келеди.

Есабат дәўиринде Қараөзек, Мойнақ, Нөкис, Бозатаў, Шымбай ҳәм Шоманай районларында қурылыс хызмети менен шуғылланыўшы ири кәрхана ҳәм шөлкемлердиң жоқ екенлиги гүзетилди.

**Қала ҳәм районлар кесиминде қурылыс жумыслары үлеси,**
*жәмине салыстырғанда % есабында*




Есабат дәўиринде қурылыс жумысларын орынлаў көлеминде ең жоқары үлеси Нөкис қаласы (республика бойынша жәми қурылыс жумыслары көлеминиң 37,2 %), Қоңырат (11,0 %), Төрткүл (6,6 %) районларына туўры келеди.